

GID KONVÈSASYON SOU SANTE MANTAL VIZIT FOUNISÈ OB

Pote fich sa a nan pwochen vizit ou genyen nan biwo founisè swen sante w la. Itilize gid sa a pou pran desizyon ansanm, pou ede w louvri konvèsasyon avèk founisè swen sante w la epi pataje eksperyans ou. Ou kapab itilize l menm jan an si founisè w la louvri konvèsasyon an.

Louvri konvèsasyon an lè w di founisè swen sante w la:


Kijan w te santi w. Pou konbyen tan.

Kisa w te eseye pou ede w santi w pi byen. Si l te ede oswa non.

Pi gwo enkyetid ou se konsènan jan w santi w.

Enfòm founisè swen sante w la si w soufri oswa w te soufri yon pwoblèm sante mantal. Ki tretman fòmèl ou te eseye? Èske l te byen fonksyone oswa non.

Fè konnen si w ta renmen diskite sou lòt tretman.



Kesyon enpòtan pou poze:

- Ki opsyon tretman m genyen?
- Konbyen tan tretman an ap dire?
- Kijan l fonksyone byen?
- Konbyen tan l pran pou w santi w byen?
- Èske l an sekirite pou mwen ak tibebe m lan?
- Ki efè segondè yo? Kijan pou m jere efè segondè yo? Kilè mwen dwe rele w si efè segondè yo grav?
- Kisa m dwe fè si sentòm mwen yo vin pi mal anvan pwochen vizit mwen an?
- Kiyès mwen dwe rele si m santi mwen kapab fè tèt mwen mal oswa tibebe m lan?
- Asire ou poze founisè swen sante w la tout lòt kesyon w genyen sou jan w santi w.

Pataje eksperyans ou.

Lè w ap konsidere opsyon tretman, li enpòtan pou w kòmanse ak istwa w epi eksperyans ou. Reponn kesyon sa yo pou gide w. Diskite sou repons ou yo ak vizitè adomisil ou a oswa doktè a pandan pwochen vizit la.

<i>Ki jan w te santi w?</i>	<i>Kisa w te fè pou fè fas ak sitiyasyon an?</i>	<i>Kisa ki pat mache ditou?</i>
<i>Èske w te eseye tretman?</i>	<i>Èske w te fè eksperyans negatif?</i>	<i>Kisa lòt moun panse – fanmi ak zanmi?</i>
<i>Èske w te panse ak terapi lapawòl oswa medikaman?</i>	<i>Ki pi gwo enkyetid ou genyen konsènan depresyon?</i>	<i>Kòman w imajine lavi ou menm ak lavi pitit ou a?</i>